

Nimewo 29

DEKRÈ EGZEKITIF

**KONTINYAYSON SISPANSYON SÈTEN DISPOZISYON LALWA**

**ALÒSKE**, nan dat 25 out 2011, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 17 pou deklare yon ijans akòz katastwòf nan Konte Bronx, Kings, New York, Queens, Richmond, Nassau, Suffolk, ak nan zòn toupre yo nan Eta New York; epi

**ALÒSKE**, nan dat 15 septanm 2011, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 22 pou kapab fè amannman nan Dekrè Egzekitif Nimewo 17 la pou deklare yon ijans akòz katastwòf natirèl nan Eta a, apati 12 septanm 2011, nan limit teritwa lòt konte sa yo : Albany, Broome, Chenango, Chemung, Clinton, Columbia, Delaware, Dutchess, Essex, Greene, Herkimer, Montgomery, Oneida, Orange, Otsego, Putnam, Rensselaer, Rockland, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Sullivan, Tioga, Ulster, Warren, Washington ak Westchester; epi

**ALÒSKE**, Seksyon 29-a Lwa Egzekitif la otorize sispansyon, chanjman oswa modifikasyon lwa jeneral yo, lwa lokal yo, òdonans yo, lòd yo, règ yo, oswa règleman yo, oswa kèk pati ladan yo, si konfòmite avèk dispozisyon sa yo ta anpeche, jennen oswa retade aksyon ki nesèsè pou siviv avèk yon ijans akòz katastwòf; epi

**ALÒSKE**, nan dat 15 septanm 2011, te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 21 pou sispann sèten dispozisyon lalwa pou pèmèt ranplasman dokiman leta te bay epi ki pèdi nan ijans akòz katastwòf nan Eta a san peman frè obligatwa yo; epi

**ALÒSKE**, nan dat 15 septanm 2011, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 22 pou sispann dispozisyon lalwa pou fasilite ak abòde redrèsman enfrastrikti agrikòl ak natirèl, epi pou fasilite ak abòde bezwen lajan imedyat bitasyon lokal yo ki afekte nan ijans Eta a akòz katastwòf la; epi

**ALÒSKE**, Seksyon 29-a Lwa Egzekitif la prevwa pa dwe gen sispansyon ki fèt nan lwa yo pou yon peryòd tan ki depase trant (30) jou, men depi sispansyon an ka pwolonje pou yon lòd peryòd trant (30) jou sou konsiderasyon tout enfòmasyon ak sikonstans enpòtan yo;

**KOUNYE A, KIDONK**, Mwen, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen, epi apre mwen te konsidere

tout enfòmasyon ak sikonstans enpòtan yo, mwen òdone pou kontinye sispansyon dispozisyon lwa ki òdone nan Dekrè Egzekitif Nimewo 21 ak 22 a jouk 13 novanm 2011.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, trèzyèm jou mwa oktòb ane de  
mil onz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a